



Pou Piblikasyon Imedya: 23/04/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON GWOUPE TRAVAY KAP DEVOLE YON PLAN PWOTEKSYON POU POLINIZATÈ YO POU PWOTEJE EKONOMI AGRIKÒL NEW YORK

Ajans ki alatèt pou atake a retabli popilasyon Polinizatè ki enpòtan a endistri rekòlt ak pwodiksyon manje Eta

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Eta New York pral etabli yon gwoup travay entè-ajans pou devlope yon plan pwoteksyon pou pwomote sante ak retabli popilasyon polinizatè nan Eta New York. Polinizatè yo – sa ki gen ladan diferan kalite myèl ak papiyon– kontribye nan yon fason ki enpòtan nan ekonomi agrikòl eta nan ajoute apeprè \$500 milyon nan sèvis polinasyon sou yon baz anyèl. Pou adrese deklèn alaman nan polinizatè yo ki te rive nan resan ane yo, Gouvènè a te mande Komisyonè yo nan Depatman Agrikilti ak Mache ak Depatman Konsèvasyon Anviwonman pou rankontre agrikiltè yo, enstitisyon rechèch ak lidè kle yo nan endistri a pou devlope yon plan pou konsève ak devlope popilasyon polinizatè yo nan eta.

“Polinizatè yo enpòtan nan sante anviwonman New York, ansanm avèk ranfòse ekonomi agrikòl nou an,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Lè nou devlope yon plan daktyon nan tout eta, nap elaji efò nou pou pwoteje espès sa yo ak resous natirèl san parèy nou an, ak fè yon etap enpòtan nan angajman nou a ekoloji ak avni ekonomik New York.”

Anons la lanse pou tout yon semèn nan lonè selebrasyon Latè, 19-25 avril ki rekonèt angajman New York ak akonplisman l pou pwoteje anviwonman nou an, konsève espas ki ouvri, ogmante aksè nan gwo resous natirèl ak fòmida eta a, aplike inisyativ enèji pwòp ak prepare pou efè nan chanjman klima a.

Polinizatè yo kontribye esansyèlman nan ekonomi eta nan bay \$500 milyon ki vo sèvis polinasyon nan New York anyèlman, e ajoute \$15 milyon an valè pwodiksyon rekòlt nasyonanman chak ane, dapre USDA. Kapasite New York pou pwodui rekòlt tankou pòm, seriz, zonyon, joumou ak choufle ki konte fòtman sou prezans polinizatè yo. Pandan dènye 50 ane ki sot pase yo, kantite polinizatè yo, enkli siwo myèl, myèl natif natal, baton ak papiyon, te diminye konsiderableman. Syantis yo kwè ke anpil pèt koze pa yon konbinezon faktè tankou move alimantasyon, pèt nan abita foraj, parazit, peptisid, patojèn, mank divèsite jenetik ak pratik pòv jesyon tè.

Komisyonè Agrikilti Eta New York Richard A. Ball, te deklare: “Antanke agrikiltè, mwen konnen ke polinizatè yo jwe yon wòl enpòtan nan apwovizyonman manje abondan eta. Plan Gouvènè Cuomo a pral bay pwoteksyon ajoute pou aktè enpòtan sa yo nan ekosistèm nou an. Mwen enpasyan pou m wè rezilta solisyon nan pwoblèm grav sa a.”

Manm Komisyon Depatman Konsèvasyon Pwoteksyon Anviwònman (DEC), Joe Martens, di konsa: “Pwoteje ak prezève popilasyon polinizatè yo toupatou nan New York pa sèlman benefik nan yon pwendeви anviwonmantal men li kontribye tou a soutni yon bon jan kalite ekonomi. Mwen aplodi plan Gouvènè Cuomo a pou jwenn kisa ki koze diminisyon sa yo e nou enpasyan pou nou ede nan efò pou jwenn solisyon enpòtan, kòm li esansyèl ke nou pwoteje espès sa yo.”

Nan devlope plan pwoteksyon pou polinizatè yo, gwoup travay la pral egzamine ak revize yon laj varyete eleman, ki enkli:

- fòm patenarya avèk enstitisyon rechèch yo pou elaji koleksyon ak pataje done ki gen rapò a kesyon sante polinizatè yo
- ankouraje entè-sektoryèl (apikiltè, mèt tè ak aplikatè peptisid yo) pataje enfòmasyon ak kowòdone efò;
- devlope strateji pou yon edikasyon piblik ak kanpay angajman;
- idantifye pwojè amelyorasyon abitat, enkli opòtinite foraj
- devlope pi bon pratik jesyon pou mèt tè yo, ajans yo nan eta, aplikatè pestisid ak apikiltè yo;
- evalye efikasite pwogram New York yo, sètifikasyon ak rekonpans ki gen rapò a sante polinizatè; ak
- devlope patenarya piblik prive.

Plan pwoteksyon Polinizatè a pral devlope baze sou rezilta enpòtan ak akò gwoup travay la te reyalize e li pral chèche pou amelyore enfòmasyon eta sou kondisyon polinizatè yo epi idantifye mezi rezonab pou konsève popilasyon yo.

Kathryn Boor, Dwayen Kolèj Agrikilti ak Syans Lavi nan Cornell University Ronald P. Lynch, te deklare: “Nan non pwofesè Cornell University ak ekstansyon edikatè Cornell Cooperative ak anplwaye kap fè rechèch ak espesyalite ki santre sou sijè enpòtan sa yo, nou apresye lidèchip Eta New York nan etabli gwoup travay sa a. Polinizatè yo apwiye agrikilti a, e sante yo esansyèl pou sistèm manje ki gen sikè. Nap rete tann pou nou kolabore etwatman avèk Eta sou kesyon enpòtan sa yo.”

Plan pral devlope sou efò New York ap mennen pou ankouraje sante polinizatè yo, tankou yon kantite mezi ki deja adpote ki ale odela egzijans federal, enkli pi bon pratik jesyon tè ki amelyore abitat foraj, ankouraje plantasyon ki adapte a polinizatè yo ak itilizasyon fòm natirèl lit kont ensèk nwizib yo nan limit maksimòm tè leta yo. Anplis, Bidjè Eta aktyèl la gen ladan \$50,000 pou Inivèsite Cornell pou rechèch sou siwo myèl ansanm avèk \$500,000 pou Pwogram Jesyon Entegre ensèk nwizib yo.

Depatman Agrikilti ak Mache anplwaye tou yon apikiltiris Eta, kap kontwole enspeksyon rich apikiltè komèsyal yo toupatou nan eta ak kowòdinasyon nan siveyans sante myèl

yo toupatou nan eta. Apikiltè Eta ap kowòdone tou patisipasyon nan sondaj nasyonal sou siwo myèl la, sa ki fèt pou kontwole sante siwo myèl la sou yon echèl nasyonal. USDA te bay New York \$12,000 nan 2015 pou aktivite ki gen rapò a sondaj la.

Richard Schrader, Direktè Politik ak Lejislatif pou Konsèy Defans Resous Natirèl [Natural Resources Defense Council (NRDC),] te deklare: “Myèl ak papiyon jwe yon wòl enpòtan nan ekonomi New York. Myèl yo fekonde youn nan twa bouche nan rejim ameriken an ak anpil nan rekòlt New York ki pi pwofitab— de pòm a franbwazyè. Gwoup travay sa ka ede New York vini yon lidè nasyonal nan solisyon modèn adapte pou prezève polinizatè yo ki kenbe ekonomi agrikòl la delavan.”

Erin Crotty, Direktè Egzekitif Audubon New York, te deklare: “Nou konplimante Gouvènè Cuomo ak Komisyone Martens ak Ball paske yo te lanse inisyativ enpòtan sa a pou kreye yon plan pwoteksyon pou polinizatè New York yo. Diminisyon nan ensèk polinizatè yo, enkli zwazo, se yon menas pou endistri agrikòl nou an ak entegrite tout eko-sistèm New York la. Tout moun ka jwe yon wòl nan pwoteksyon polinizatè e nou apresye ke gwoup travay la pral devlope strateji pou amelyore abitat ki sipòte polinizatè yo pandan lap enspire rezidan ak mèt tè yo nan eta pou pran desizyon ki entelijan nan pwòp lakou yo.”

Dean Norton, Prezidan Biwo Fèm New York, te deklare: “Myèl yo esansyèl nan agrikilti eta sa a alafwa nan bay polinizasyon ak pwodiksyon myèl. Li esansyèl ke nou genyen yon pi bon konpreyansyon sou pwoblèm sa yo ke myèl nan New York ap andire, e nap rete tann pou nou kolabore avèk gwoup travay Gouvènè a ansanm avèk lòt pati ki gen enterè menm jan nan prezève resous natirèl enpòtan sa a.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418